



Pou Piblikasyon Imedya: 01/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOMINASYON AK PÒS NAN ADMINISTRASYON AN

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a nouvo nominasyon ak pòs nan administrasyon an.

"Nan New York, n ap travay pou yon avni ki pi bon, ki pi briyan pou jenerasyon k ap vini yo - pa gen dout nan lespri m ke moun sa yo se pi bon moun pou mete nan ekip nou an ak objektif sa nan lespri mwen," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avèk antesedan ki divèsifye ak divès eksperyans, ekip sa pote konesans ki inestimab sou tab la. Nouyòkè yo ka rete asire ke pozisyon sa yo ap genyen moun k ap goumen pou yo epi ki gen pi bon enterè yo nan kè yo."

Kerri Neifeld ap nonmen kòm **Komisè, Biwo pou moun ki gen twoub devlopman (Office for People with Developmental Disabilities, OPWDD)**. Madam Neifeld te sèvi anvan kòm Sekretè Adjwen pou Sèvis Imen ak Ijyèn Mantal nan biwo gouvènè a ak antanke Komisè Adjwen nan Biwo Asitans Tanporè ak Andikape (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) Eta New York, kote li te jere Divizyon Konfòmite ak Siveyans Abri ki fèk kreye a. Anvan sa, li te travay kòm Asistan Espesyal pou Komisè Adjwen an nan OTDA pandan li t ap sèvi kòm yon Bousye nan Sèvis Excelsior a. Anvan Pwogram Bous Sèvis Excelsior a, Madam Neifeld te yon Bousye nan Politik Piblik Fanm nan Sant pou Fanm nan Gouvènman ak Sosyete Sivik nan Rockefeller College. Madam Neifeld te travay kòm yon Direktè Pwojè nan Mental Health Association of Columbia-Greene Counties, yon Travayè Sosyal nan Sèvis Pwotektris Timoun nan Depatman Sèvis Fanmi ak Timoun (Department of Child and Family Services) nan Konte Albany, ak yon Travayè Swen Jenès nan WAIT House Homeless Youth Shelter. Madam Neifeld posede yon Lisans Asosye (B.A.) nan Elmira College ak yon Metriz nan Travay Sosyal (Master of Social Work, M.S.W.) nan University at Albany School of Social Welfare. Madam Neifeld ap sèvi kòm Komisè pa Enterim jiska konfimasyon Sena a.

Nivardo Lopez te nonmen kòm **Sekretè Adjwen pou transpò**. Pi resaman, Mesye Lopez te sèvi kòm Komisè Depatman Transpò Vil New York (New York City Department of Transportation, NYCDOT) nan Minisipalite Bronx. Nan pòs sa, Mesye Lopez te avize Komisè a sou tout pwoblèm règleman ki afekte transpò a nan Bronx epi li te travay ak plizyè divizyon nan ajans lan pou asire livrezon sèvis ki efikas nan Bronx. Mesye Lopez te rejwenn NYCDOT an 2014 kòm Direktè Zafè Lejislatif, responsab pou devlope pwogram lejislatif ajans lan. Pandan manda li a, li te ede sekirize adopsyon yon nouvo lwa lokal ki ogmante montan pou enstalasyon Siyalizasyon Pyeton ki Aksesib pa ane a

ak lejislasyon Eta pou ekspansyon Pwogram Aplikasyon Kamera sou Liy Bis la. Anvan li te travay pou NYCDOT, Mesye Lopez te travay pou Comptroller Scott Stringer kòm Direktè Zafè Lejislatif Vil la ak pou Administrasyon Bloomberg la kòm Direktè Bronx pou Inite Zafè Kominotè Majistra a. Mesye Lopez te kòmanse karyè li nan gouvènman an ap travay nan Konsèy Vil New York, dabò pou Manm Konsèy Bronx James Vacca apre sa antanke yon Analis Politik Lejislatif pou Komite sou Transpò Konsèy Vil la. Mesye Lopez se yon rezidan depi lontan ak moun natif natal Bronx. Li genyen yon Lisans Asowye (B.A.) nan Listwa nan Saint Joseph's University ak yon metriz (M.A.) nan Listwa nan City College of New York (CUNY).

Jihoon Kim, LMSW te nonmen **Sekretè Adjwen pou Sèvis Imen ak Ijyèn Mantal**. Pi resaman li te sèvi kòm Asistan Espesyal Komisè Egzekitif Adjwen an nan Biwo Sante Mantal la. Mesye Kim te sèvi nan Chanm Egzekitif la kòm Direktè Politik Adjwen, kote li te responsab pou kowòdinasyon gwo inisyativ politik yo ak kòm yon Konseye Politik Prensipal pou Sèvis Imen ak Ijyèn Mantal la, kote li te responsab pou ede sipèvizite uit ajans Eta. Anvan li te rejwenn Chanm Egzekitif la, Mesye Kim te travay pou Pwokirè Jeneral New York la kòm Direktè Adjwen pou Zafè Lejislatif. Li se yon Travayè Sosyal Lisansye epi li gen yon Metriz nan Travay Sosyal nan Lekòl Silberman School of Social Work nan Hunter College ak yon lisans nan Syans nan Marist College.

Kate C. Harris te nonmen kòm **Sekretè Adjwen pou Sèvis Finansye ak Teknoloji**. Li te sèvi anvan kòm Direktè Komisyon Reimajine New York la ki travay sou rekiperasyon Eta a apre pandemi an. Anvan sa, Madam Harris te konsèy minorite pou Komite Espesyal Sena a sou Ransèyman ki sipèvizite ajans ransèyman Ameriken yo epi dirije yon ankèt bipati sou entèferans nan eleksyon etranje. Pandan Administrasyon Obama a, Kate te travay sou politik ekonomik nasyonal ak entènasyonal ki enkli aksè nan kredi pou ti biznis, règlemantasyon finansye entelijan, pwoteksyon konsomatè, anti koripsyon mondyal, ak teknoloji wo debi. Li te yon manm Pèsonèl Planifikasyon Politik nan Depatman Deta sou Sekretè John Kerry epi li te travay sou repons pou kriz finansye Depatman Trezò a (Treasury Department) sou Sekretè Tim Geithner. Li te grefye tou pou Jij Jose Cabranes sou Tribinal Apèl pou Dezyèm Sikui epi li te yon Bousye Prensipal nan Yale University. Kate te gradye ak lonè summa cum laude nan Harvard College epi li te resevwa yon J.D. nan Lekòl Dwa Yale a. Li se yon manm nan Konsèy sou Relasyon Etranje, a, prezidan Brookings Society, ak yon lidè nan UNICEF NextGen.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)